

A Sungano yeruponeso.

- ❖ Ruponeso haisi sungano yedivi rimwe chete kubva kudivi raMwari. Nokudaro, haasi munhu wose achaponeswa pasinei nezvaanoita kana kutenda. Isungano yepakati paMwari nevanhu: Tenda [chikamu chedu] ... uchaponeswa [chikamu chaMwari]” (Mabasa 16:31).
- ❖ Isungano iri nyore. Hapana zvikamu zvakaoma mairi. Vavariro yayo huru ndeyokutipa upenyu husingaperi (1Johani 5:13). Nekudaro, iyi haisi sungano yakasainwa kamwe uye ndokukanganwikwa (Mateo 24:13).
- ❖ Apo Pauro anga ave pedyo nekufa, aiva nechokwadi chokuti “acengeta kutenda,” uye kuti aizogamuchira “korona yokururama” na “vose vanoshuva kuonekwa kwake” (2 Timotio 4:6-8).

B Sungano yeropafadzo.

- ❖ Sungano yakaitwa naMwari nelsiraeri (uye nesu) inosanganisira maropafadzo akawanda (Deuteronomio 28:1-13): Ngariropafadzwe guta raunogara (3); Ngavaropafadzwe vana vako (4); Ngairopafadzwe mari yaunowana (4); Ngazviropafadzwe zvishandiso zvako pabasa rako (5); Imba yako kana kwaunoshanya ngazviropafadzwe (6); Ucharopafadzwa pakati pavavengi vako (7); Ngazviropafadzwe zvaunobata namaoko (8).
- ❖ Pane zvinodikanwa kuti ugamuchire maropafadzo aya: Teerera kuna Mwari uye uteerere mitemo Yake (1); Rarama sekuda kwaMwari (9); Ita Mwari ave oga Ishe wehupenyu hwako (14).

C Sungano yezvibereko zvokutanga.

- ❖ Sungano yezvitsva(firstfruits) inoshanda sezvinoteera:
 - Rupande rwedu Kupa Mwari zvekutanga nezvakanakisisa.
 - Rupande rwaMwari: Kukomborera zvimwe zvese.
- ❖ Sungano iyi inosanganisira chibereko chebasa redu, rudo rwedu, nguva yedu...
- ❖ Zvinogona kuita sezvisina musoro, nekuti kana tikapa chekutanga nechakanakisa, tinobva tasara nezvishoma uye zvakashata... Zvisineyi, izvi zvakasiyana naMwari. Sei?
- ❖ Kunze kwechikomborero chinobva kuna Mwari, Bhaibheri rakazarawo nemazano ekushandisa zvakanaka mari yedu, rudo rwedu, nguva yedu...

D Sungano yechegumi.

- ❖ Maraki akanyora mashoko iwayo panguva apo vanhu valsiraeri vakanga vakanganwa chikamu chavo pasungano yaMwari. Naizvozvo akati: “Dzokerai kwandiri, neni ndicadzokera kwamuri” (Maraki 3:7).
- ❖ Ndokubva aunza pfungwa yesungano, sungano yepanyama ine migumisiro pamweya. Sungano iyi inoshandawo kwatiri nhasi: Ndiunzire chegumi uye ndichakuropafadza (Maraki 3:10).
- ❖ Vanhu velsiraeri vakaratidza kuti sungano iyi inoshanda. Munguva yamambo Hezekiya, “uye cegumi cezihu zose uakauuya nazo ziri zizhinji” (2Makoronike 31:5). Ipapo vaigona kutaura kuti “nokuti Jehova wakaropafadza vanhu uake.” (2Makoronike 31:10)

E Dzimwe sungano.

- ❖ Jesu Akawedzera sungano yezvibereko zvokutanga: Kana tikaisa Mwari panzvimbo yokutanga, Achatipa zvokudya nezvokupfeka, uye Achagutsa zvatinoda (Mateo 6:25-34).
- ❖ MuBhaibheri mune dzimwe sungano:

SUNGANO	RUPANDE RWEDU	RUPANDE RWAMWARI
Sungano terugare (Is. 26:3)	Vimba naMwari uye ufunge neZvake	Kutipa rugare rwakakwana
Sungano yeruregerero (1Jn. 1:9)	Kurevurura zviwi zvedu	Kuregerera zvitadzo zvedu uye kutichenesa kubva kune zvakaipa
Sungano yekuporesa (2 Mako. 7:14)	Zvininipise, unamate; tsvaka Mwari, tendeuka	Kupodza nyika yedu

- ❖ Mwari anogara achipa nzira mbiri: kuteerera uye kugamuchira maropafadzo kana kusateerera uye kurasikirwa nemaropafadzo. “naizoŵo tsaura uopenyu[kuteerera], kuti urame, iwe nauana uako [kutambira maropafadzo].” (Deuteronomio 30:19)